www.nohchalla.com
Популяризация старинных чеченских песен

# Дай - наной.

**Ц1арна ц1е йахна, ц1е йоккхуш хилла, сан Дада,**
**Мехкаршна юккъехь йийцина хаза, сан Нана**
**Сил дукха дезаш, шаьш вовшех кхетча безамца,**
**Даима бертахь лаара даха да – нана.** 2 р

**Ткъа х1инца вовший безам бац, ц1ена бицбина.**
**Са санна, шайна со везаш хилар диццдина.**
**Со хьегош шайха, лелара хийла тилделла.** 2 р
**Ойла йе, вицвай, соьх хийра довлий, ма лела.**

**Безамах шалхо тарло ма мотта, варийлаш.**
**Кхоллам ирс талхо, д1овш кийра дотта ма г1ерта.**
**Со вити аша са тийса шайга, бо санна.**
**Сан дог эцийша, кхачавеш ирсе, хьоменаш.** 2 раза

**Дехар ду шоьга: ладог1а соьга леринна,**
**Хьоме доьзалхо д1атесна, витий ма лела.**
**Йог1ур юй хаий г1о оьшуш зама даима,**
**Т1алам беш ирсан, дахалаш бертахь, да – нана.**
**Йог1ур юй хаий г1о оьшуш зама даима,**
**Т1алам беш ирсан, дахалаш бертахь, дай – наной.**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)